



The Story of Me (Istwa Pa m): Lang mwen, Kilti ak kominote mwen

Yon defi aprantisaj nan ete Depatman
Edikasyon Eta Connecticut lanse

Lè ou bileng, se tankou w te gen yon pisans! Si ou deja bileng oswa fanmi w pale yon lòt lang apre anglè, se yon bèl bagay! Si ou pa pale yon lòt lang, panse aprann yonn. Defi sa ap ankouraje w pote aktivite ki gen rapò ak lang ak kilti epi wòl ou nan kominote w la. Bon aprantisaj!

Premye etap la:

Kesyon Enpòtan (chwazi youn nan tablo chwa pou w konsantre travay ou*):

- Ki wòl mwen jwe nan kominote mwen an?
- Ki jan kilti ak lang enfliyanse m?
- Ki jan m ka enfliyanse kilti ak lang?
- Poukisa bileng ak bikiltiralite gen enpòtans?
- Poukisa kilti ak lang enpòtan?
- Ki jan mwen ka fè mond lan yon pi bon kote gras ak lang?
- Ki jan mwen ka sèvi nan kominote mwen an?

* Chwazi yon kesyon enpòtan ki pi byen mache pou ou an fonksyon nivo klas ou ak enterè w.



The Story of Me (Istwa Pa m): Lang mwen, Kilti ak kominote mwen

Dezyèm etap:

Chwazi epi fè omwen yon aktivite nan CHAK kolòn pi ba yo.
(Pa egzanp, chwazi yon aktivite nan kolòn lang, youn nan kolòn kilti e youn nan kolòn kominote a. Ou lib pou w fè plis si ou vle!)

Lang	Kilti	Kominote
<p>Resèt Fanmi Èske gen yon resèt espesyal ki enpòtan pou fanmi w? Pran yon foto oswa ekri resèt la. Eseye tradui li nan lang angle oswa si li nan lang angle, tradui li nan lang natif natal fanmi w. Pale ak yon manm fanmi an sou poukisa resèt la enpòtan. Pataje yon foto oswa yon desen ak yon lejann bileng oswa yon resi bileng sou enpòtans li.</p>	<p>Rechèch yon done/senbòl kiltirèl Fè yon rechèch sou yon done oswa yon senbòl kiltirèl ou ta renmen aprann plis sou li. Rechèch la ka fet nan liv, sou entènèt la, oswa rechèch la ka fet nan pale ak zanmi ak fanmi sou yon done/senbòl. Kreve yon resi ak/oswa yon reprezantasyon vizyèl/atistik ki dekri done/senbòl la. Kisa sa vle di pou ou?</p>	<p>Chasè trezò Ki lang mwen wè epi tande nan kominote mwen an? Ki kèk kote enpòtan ki nan kominote mwen an? Pran foto oswa fè yon lis diferan lang. Eske ou wè siy bileng? Kourye? Afich? Pran foto oswa fè yon lis kote enpòtan nan kominote a. Ki sa ki fè yo enpòtan pou ou?</p>
<p>Dekouvri nouvo vokabilè Ki kèk mo ou ta renmen konnen nan yon lòt lang? Pale ak yon manm fanmi oswa zanmi w sou eritaj yo oswa lang lakay yo, epi mande moun nan pataje 5-10 mo vokabilè nan lang nan. Fè pratik ak nouvo mo yo. Fè yon lis ak/oswa yon mesaj vokal ak yo ak sa yo vle di.</p>	<p>Chante oswa Powèm sou Fyète Kiltirèl Èske gen yon chante oswa powèm ki senbolize fyète kiltirèl pou ou? Pataje chante a oswa powèm nan ak rezon ki fè li se yon sous fyète. Oswa si ou poko gen youn, cheche youn epi eksplike poukisa li eksprime fyète kiltirèl.</p>	<p>Kolaj kominotè Ki jan ou ka reprezante kominote w la nan foto? Sèvi ak desen, foto, imaj nan jounal ak nan magazin (oswa yon konbinezon) pou kreve yon kolaj nan kominote w la.</p>
<p>Entèvyou Fanmi Ki istwa ou ka aprann lè ou fè entèvyou ak yon manm fanmi w? Kisa ou ta renmen konnen? Devlope kek kesyon epi fè entèvyou ak yon manm fanmi w nan kelkeswa lang ou ta renmen itilize a. Dekri sa ou te aprann ak poukisa li enpòtan pou aprann sou istwa fanmi w.</p>	<p>Foto ki montre kiyès ou ye Èske yon foto ka rakonte yon istwa? Jwenn yon foto ki montre kiyès ou ye. Li pa oblije foto pa W - petèt li ka yon kote, yon obje espesyal oswa yon ansyen foto fanmi an. Dekri poukisa foto a reprezante ou menm ak kilti w.</p>	<p>Jistis sosyal ak sèvis Ki jan ou ka sèvi kominote w ak vwazen w yo? Fè yon plan sou fason ou ka bay nan kominote w la anretou, epitou eseye! Dekri plan an avèk mo, foto, oswa yon videyo oswa anrejistreman odyo. Dekri poukisa sèvis la enpòtan pou ou.</p>

Twazyèm etap: Pote tout ananm

Montre sa w te aprann sou lang, kilti ak kominote a nan kreve yon pwojè afich, reprezantasyon atistik oswa powèm, istwa oswa redaksyon. Ki jan kesyon enpòtan ak aktivite yo te ede w aprann sou tèt ou? Fanmi w? Kominote w? Montre/pale sou aktivite ou te fè!